

**Tit la :** Mizajou Finansye pou ane fiskal 2023

**Dat la :** 14 desanm, 2022

 Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ?  Wi  Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit : \_\_\_\_\_

 Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ?  Wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman
<b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Espesyal) ?</i>	<p>Prezantasyon an ap bay yon mizajou sou estati bidjè ane fiskal (FY) 2022 a nan fen ane bidjetè sa a, sou estati bidjè ane fiskal 2023 aktyèl la, ak sou divès pwoblèm ak planifikasyon inisyèl ki anrapò ak ane fiskal 2024 la.</p> <p>Bidjè a pou Lekòl Piblik Boston gide selon kwayans sa a ki di ke : tout timoun, nan tout klas, nan tout lekòl merite opòtinite pou yo aprann, grandi, e evolye. Pandanke n ap asire ekite nan opòtinite e aplike yon pwennvi anti-rasis nan desizyon k ap fèt yo, nou vize demontre valè sa yo atravè bidjè nou yo nan fason nou dirije divès resous adisyonèl bay elèv ki fè pati popilasyon sila yo ki istorikman arebò sosyete a.</p>
<b>2. Amoni ak Plan Stratejik la</b> <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i>	<p>Bidjè distri a se yon deklarasyon valè nou yo, e li aliyen a youn nan atik Plan Stratejik la. Patikilyèman, pwopozisyon yo konsantre sou :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• 1,8 Devlope kapasite pou abòde divès kontribitè nan mankman opòtinite parapò a sante ak aspè sosyal, tankou : grangou, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, kondisyon san lojman, ak idantite LGBTQ+ (lezbyèn, ge, biseksyèl, transeksyèl, « queer », ak lòt idantite seksyèl ankò).</li> <li>• 2,1 Rekonsevwa lekòl segondè yo, ki enkli lekòl altènatif yo, an amoni avèk pwogram etid MassCore la, preprasyon karyè pwofesyonèl, ak lòt opòtinite pou divès kou avanse, dekwa pou prepare elèv yo pou inivèsite, karyè pwofesyonèl yo, ak lavi a.</li> <li>• 2,3 Founi pwogram etid (kourikoulòm) ki afime elèv yo parapò a kilti yo ak lang yo ak enstriksyon ki enkli divès opòtinite nan atizay, syans, alfabetizasyon, lang mondyal, edikasyon fizik, edikasyon sante, ak edikasyon sivik, aksè nan divès pwogram spòtif, ak teknoloji, epitou l entegre byenèt elèv yo konplètman nan eksperyans edikasyonèl la.</li> <li>• 2,5 Mete sou pye divès atant aprantisaj elemantè solid e konstan ak pwogram etid ki prepare tout elèv pou lekòl segondè, ki enkli pwogram solid nan syans ak matematik.</li> <li>• 3,4 Ogmante divès sistèm kòmantè pou fanmi yo ak biwo santral la ak lòt manm pèsònèl atravè divès pòtay kominikasyon ki baze sou teknoloji, aksè regilye a lidè distri a ak lidè lekòl yo pandan divès reyinyon rejyonal, reyinyon lekòl, ak reyonyon distri.</li> <li>• 4,1 Finansye tout lekòl nan yon fason ki reponn a bezwen patikilye elèv sila yo, yo sèvi yo, avèk konsiderasyon pou Elèv K ap Aprann Anglè yo, elèv ki genyen andikap yo, elèv ki pa gen mwayen ekonomik, elèv ki an danje pou yo abandone lekòl, jèn moun ki deraye sou chemen an, ak divès lòt gwoup ki istorikman arebò sosyete a.</li> <li>• 5,6 Ogmante transparans ak kontrandi avèk lèd divès nouvo zouti pou done (enfòmasyon), divès tablodbò ("dashboard"), ak rapòtaj piblik.</li> </ul>

	<p>6,4 Ankouraje konesans sou inivèsite (kolèj) ak karyè pwofesyonèl ak divès eksperyans travay pou kreye divès pakou vizib ki menen nan edikasyon, fòmasyon, divès opòtinite metye ak karyè pwofesyonèl aprè lekòl segondè.</p>
<p><b>3. Analiz Done yo</b>  <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Analiz ekite distri a pran montan dola pou chak lekòl pou chak investisman, li kalkile yon bidjè pou chak elèv, e li aplike li a elèv ki enskri aktyèlman nan lekòl sila a. Avèk itilizasyon done demografik rasyal yo ak lòt done demografik kle yo sou chak elèv ki enskri aktyèlman, nou kalkile bidjè a pou chak elèv an mwayèn selon done demografik yo, ki enkli elèv ki gen andikap, elèv miltileng (elèv ki pale plizyè lang), elèv ki sot nan fanmi ki gen revni fèb, ak elèv azyatik, nwa, latinx, e blan.</p> <p>Sa fè dezyèm ane, nou te fè kèk investisman majè nan ane fiskal 2023 pou mentni pwogram pou elèv yo nan tout lekòl yo, espesyalman lekòl sila yo enskripsyon yo ap bese. Investisman sa yo te dirije plis pase 200\$ anplis pa elèv pou elèv nwa ak elèv latinx pase elèv azyatik ak elèv blan ; prèske 300\$ anplis pa elèv pou elèv ki gen mwayen ekonomi fèb pase sila yo ki gen plis mwayen ekonomi ; e plis bay elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann anlge pase investisman pou tout lòt elèv an mwayèn. N ap kontinye aplike analiz sa a pandan ke n ap planifye pou ane fiskal 2024.</p>
<p><b>4. Angajman Pati Enterese yo</b>  <i>Kilès ki te angaje (kantite a, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Pou l te kab devlope Bidjè Ane Fiskal 2023 a, Divizyon Finans lan te chèche jwenn kòmantè nan men divès gwoup votè nan 17 reyinyon piblik an total, ki enkli divès rasanbleman òganize pa Konsèy Konsiltatif Angajman Kominotè a, Kabinè Lidè Lekòl la, Konsèy Lokal Lekòl yo, Tab Won Ekite Kominotè a, Komite Skolè Boston an, Konsèy Vil la, ak twa chita tande bidjè.</p> <p>Divès manm Kominote a ak Konsèy Lokal Lekòl yo te met anfas sou enpòtan divès sesyon angajman anba direksyon lekòl yo, e rann divès materyèl bidjè aksesib e disponib byen rapid. Lidè lekòl yo ak divès manm kominotè te mande nou entegre pwosesis bidjè fon Sekou Ijans Lekòl Elemantè e Segondè a (ESSER) avèk pwosesis bidjè operasyonèl la otan ke posib. Divès manm kominote a te mande pou divès analiz ekite sou baz done demografik elèv yo, e pou n kominike ak lòt enpak presi done yo. Finalman, yo te mande yon egzaminasyon okonplè de divès enpak ekite strateji Finansman Elèv Balanse a (« Weighted Student Funding », WSF) te fè. Tout kòmantè sa yo te enkòpore nan pwosesis ak pwopozisyon bidjè ane fiskal 2023 a, e nou espere yon angajman similè konsènan bidjè 2024 la.</p>
<p><b>5. Strateji Ekite Rasyal</b>  <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplèmanntè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Metodoloji distribisyon WSF (Finansman Elèv Balanse) Lekòl Piblik Boston se strateji prensipal nou pou asire yon distribisyon resous yo ki ekitab. WSF distribye fon yo sou baz kantite elèv ki genyen nan chak lekòl, kote l ap ba yo divès fon siplemantè pou chak elèv ki gen yon Plan Edikasyon Pèsonalize ak chak elèv k ap aprann angle aktyèlman.</p> <p>Epitou, kòm pati bidjè ane fiskal 2023 a, distri a aganje l nan yon strateji pou pote solisyon pou lekòl yo pa sibi domaj akòz bès nan enskripsyon. Rediksyon nan enskripsyon arive enpakte nan yon fason dispwopòsyone lekòl sila yo ki sèvi yon pi gwo pwopòsyon elèv koulè.</p>
<p><b>6 Bidjè ak Enplemantasyon</b>  <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman</i></p>	<p>Etandone ke prezantasyon sa a se yon mizajou bidjetè san okenn pwen desizyon kle, nou pa antisipe okenn enpak enpòtan.</p>

<p><i>objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki divès idantite gwoup ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	
<p><b>7. Kontrandi ak Kominikasyon</b> <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Biwo Finans lan ap kontinye bay Komite Skolè a mizajou sou bidjè a chak mwa.</p>